

BAB V

KESIMPULAN

Pakeliran wayang kulit purwa lakon *Salya Begal* di Pondok Seni dan Budaya Boediardjo, merupakan pertunjukan wayang yang khusus dan spesifik, karena pertunjukan ini ditentukan waktu dan pola garapan ceritanya. Lakon ini disajikan setahun sekali pada bulan Nopember, yaitu pada saat peringatan kelahiran Boediardjo serta dituntut menyesuaikan dengan versi cerita *Salya Begal* dalam buku *Siapa Sudi Saya Dongengi*.

Penyajian *pakeliran* wayang kulit purwa lakon *Salya Begal* semula atas ide almarhum Boediardjo, yang selanjutnya didukung oleh komunitas Pondok Seni dan Budaya Boediardjo. Selain itu, ternyata lakon tersebut dapat tersebar di lingkungan pedalangan secara umum. Kenyataan ini tidak dapat dilepaskan dengan sosok Boediardjo, yang ternyata sangat peduli dengan dunia wayang.

Pakeliran lakon *Salya Begal* di Pondok Seni dan Budaya Boediardjo mempunyai makna simbolis, yakni sebagai perwujudan komunikasi antara komunitas Pondok Seni dengan Boediardjo. Agar komunikasi bisa mempunyai arti, maka komunitas pondok seni menyajikan lakon ini seperti yang telah disajikan oleh Boediardjo pada saat memperingati kelahirannya. Adapun makna yang terkandung dalam lakon ini adalah sebagai kiasan tentang

instrospeksi diri Boediardjo menjelang masa tuanya, yang diliputi oleh berbagai macam kekecewaan, melihat keadaan yang terjadi di sekelingnya, yang dirasa tidak sesuai dengan apa yang ia bayangkan, yaitu tentang adanya kehidupan yang adil dan makmur berdasarkan nilai-nilai moral bagi bangsa Indonesia. Kenyataan yang terjadi adalah kekacauan dan pelanggaran moral, sehingga bangsa Indonesia dihinggapi berbagai persoalan yang akan meruntuhkan sendi-sendi kehidupan.

Sehubungan dengan kenyataan ini, maka lakon *Salya Begal* adalah lakon *pasemon* atau sindiran, bahkan bisa kritikan dari Boediardjo terhadap kecarut-marutan Bangsa Indonesia, sehingga esensi lakon tersebut diharapkan sebagai bahan perenungan atau kontemplasi. Ternyata usaha Boediardjo dapat berhasil, yakni mentunaskan budaya wayang dan mengangkat nilai-nilai kehidupan yang sangat berharga untuk dipahami secara bersama baik di lingkungan keluarga maupun masyarakat pada umumnya..

Untuk menyampaikan gagasan dan pikirannya, Boediardjo menghadirkan tokoh Pailul (tokoh rakyat jelata). Hal ini untuk menjelaskan tentang sifatnya yang sederhana dan merakyat. Boediardjo menganggap dirinya bukan Salya (pembesar) tetapi Pailul. Sikap rendah hati seperti inilah yang rupanya menjadi mutiara dalam diri Boediardjo dan dapat dicontoh dan dibanggakan bagi komunitas Pondok Seni dan Budaya Boediardjo.

Demi untuk mengenang jasa dan kepribadian Boediardjo, maka Yayasan Pondok Seni dan Budaya Boediardjo setiap setahun sekali pada saat upacara peringatan kelahiran Boediardjo digelar pertunjukan wayang lakon *Salya Begal*. Pertunjukan wayang ini sebagai perwujudan rasa cinta, hormat, dan bangga bagi komunitas Pondok Seni dan Budaya Boediardjo terhadap sosok pribadi Boediardjo, yang dianggap pantas untuk dijadikan sauri tauladan (*tepa palupi*).

Kehadiran lakon *Salya Begal* dalam dunia seni pedalangan, sebagai pertanda kepedulian Boediardjo terhadap kehidupan seni pedalangan atau pewayangan. Boediardjo secara nyata memberikan kontribusinya yang berupa gagasan baru tentang bentuk pakeliran dan mengajak kepada para penghayat wayang untuk lebih mendalami nilai-nilai yang terkandung dalam wayang. Harapan Boediardjo ternyata nampak keberhasilannya. Sebagai buktinya, lakon *Salya Begal* yang merupakan peninggalan idenya dapat dikatakan karya yang monumental dan syarat nilai, sehingga berusaha dipertahankan dan dikembangkan oleh pendukungnya. Hal ini sama artinya, bahwa Boediardjo telah berhasil melakukan pembinaan dan penyadaran diri para dalang dan pecinta wayang melalui lakon *Salya Begal*. Hal ini ditandai, adanya beberapa dalang yang menawarkan diri, untuk mementaskan lakon *Salya Begal* di Pondok Seni Boediardjo.

KEPUSTAKAAN

I. SUMBER-SUMBER TERTULIS.

- Anderson, Bernedict R.O.G. *Mitologi Toleransi Orang Jawa*. Yogyakarta: Qalam, 2000.
- Becker, A.L. *The Imagination Of Reality Essays In Southeast Asian Coherence Systems*. New Jersey: Ablek Publishing Corporation, 1979.
- Boediardjo. *Siapa Sudi Saya Dongengi*. Jakarta : Pustaka Sinar Harapan, 1996.
- Clara van Groenendael, Victoria M. *Dalang Di Balik Wayang*. Jakarta: PTPustaka Utama Grafiti, 1987.
- Djoko Suseno, B. "Sajian Kemasan Wayang Kulit Dan Wayang Golek Bagi Wisatawan Mancanegara". Tesis untuk mencapai derajat Sarjana S-2, Universitas Gadjah Mada, Yogyakarta, 1997.
- Dwi Koendoro. *Panji Koming*. Jakarta: PT. Gramedia, 1992.
- Gathot Saminto. *Kumpulan Gendhing-gendhing lan Lagon Dolanan Ki Narto Sabdo*. Surakarta: Cendrawasih, 1996.
- Geertz, Clifford. *Tafsir Kebudayaan*. Yogyakarta: Kanisius, 1996.
- Hazim Amir. *Nilai-nilai Etis Dalam wayang*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan, 1991.
- Ida Sundari Husen, Rahayu Hidayat. *Meretas Ranah, Bahasa, Semiotika, dan Budaya*. Jogjakarta: Yayasan Bentang Budaya, 2001.
- Johnson, Doyle Paul. *Teori Sosiologi Klasik dan Modern*. Diindonesiakan oleh Robert M.Z. Lawang. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama, 1990.
- Kats, J. *Het Javannsche Tooneel: I.Wayang Purwo*. Weltevreden: Comissie voor Volkslectuur, 1923.
- Keesing, Roger M. *Antropologi Budaya*. Jakarta: Erlangga, 1992.

- Kusumadilaga. *Serat Sastramiruda*. Diterjemahkan oleh Kamajaya dan dialihaksarakan oleh Sudibyo Z. Hadisucipto. Jakarta: Proyek Penerbitan Buku Sastra Indonesia dan Daerah, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, 1981.
- Muhammad Nashir Setiawan. *Menakar Panji Koming Tafsiran Komik Karya Dwi Koendoro Pada Masa Reformasi Tahun 1998*. Jakarta: Penerbit Buku Kompas, 2002.
- Mujanattistama, dkk. *Pedhalangan Ngayogyakarta*. Yogyakarta: Yayasan Habirandha, 1977.
- Nojowirongko, M. Ng. *Tuntunan Padalangan*. Yogyakarta: Tjabang Bagian Bahasa Jogjakarta Djawatan Kebudayaan, Departemen P.P. dan K., 1960.
- Nyoman S. Pendit. *Mahabharata Sebuah Perang Dahsyat Di Medan Kurukshetra*. Jakarta: Bharata Karya Aksara, 1980.
- Rina Martiara. *Jurnal Seni: Cangget Sebagai Pendidikan Humaniora Pada Masyarakat Lampung*. Yogyakarta: BP ISI Yogyakarta.
- Seno Sastroamidjojo. *Renungan Tentang Pertunjukan Wayang Kulit*. Jakarta: Kinta Jakarta, 1964
- Soedarsono, R.M. *Seni Pertunjukan Indonesia & Pariwisata*. Bandung: Masyarakat Seni Pertunjukan Indonesia, 1999.
- _____. *Metodologi Penelitian Seni Pertunjukan dan Seni Rupa*. Bandung: Masyarakat Seni Pertunjukan Indonesia, 1999.
- _____. *Seni Pertunjukan Dari Perspektif Politik, Sosial, dan Ekonomi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press, 2003.
- Soetarno, "Pengamatan Pertunjukan Wayang Kulit", Surakarta: Makalah disampaikan pada Workshop Kesenian Wayang dan Konteks zamannya bagi Wartawan yang diselenggarakan Yayasan Pawiyatan Kebudayaan Karaton Surakarta tanggal 20-21 Juli 1999.
- _____. "Sumbangan Wayang Bagi Kehidupan Manusia," dalam *Ekspresi*, Jurnal Lembaga Penelitian Institut Seni Indonesia Yogyakarta, Volume 7, Tahun 3, 2003.

Sudarko. *“Pakeliran Padat Pembentukan dan Penyebarannya”*. Yogyakarta: Tesis Untuk memenuhi segian persyaratan guna mencapai derajat Sarjana S-2 Universitas Gadjah Mada. 1994

Suwaji Bastomi. *Nilai-nilai Seni Pewayangan*. Semarang: Dahara Prize, 1993.

Trisno Santosa. *“Pengaruh Manteb Soedharsono Terhadap Pakeliran Wayang Kulit Purwa Jawa Masa Kini”*. Yogyakarta: Tesis untuk memenuhi sebagian persyaratan untuk mencapai derajat Sarjana S-2 Program Studi Pengkajian Seni Pertunjukan Jurusan Ilmu-ilmu Humaniora, Program Pasca Sarjana Universitas Gadjah Mada, 1999.

Wiyasa, Dwipayana. *Mahabarata Saini Odyaga Parwa-Yana Sandi Parwa*. Surakarta: Lose teyosopi, 1932.

Wulan Karahinan, R.B. *Gendhing-gendhing Mataraman Gaya Yogyakarta dan Cara Menabuh*. Yogyakarta: K.H.P. Kridha Mardawa Karaton Ngayogyakarta Hadiningrat, 1991.

II. REKAMAN AUDIO VISUAL

Kaset Lakon *Salya Begal* Ki Sutarko Hadi Wacono. Borobudur. Dokumentasi Pondok Seni dan Budaya Boediardjo.

Kaset Lakon *Salya Begal* Dewanto Sukistono. Borobudur. Dokumentasi Pondok Seni dan Budaya Boediardjo.

III. NARA SUMBER

Dewanto Sukistono, 34 tahun, Yogyakarta, seniman dalang.

Kasidi, 44 tahun, Yogyakarta, seniman dalang.

Ninieki, 52 tahun, Borobudur, Pimpinan Hotel Pondok Tingal dan bendahara Yayasan Pondok Seni dan Budaya Boediardjo.

Omar Faisal, 50 tahun, Borobudur, Pengelola Hotel Pondok Tingal dan Ketua Presidium Pondok Seni dan Budaya Boediardjo.

Purbo Asmoro, 40 tahun, Surakarta, seniman dalang.

Sri Rejeki, 80 tahun, Jakarta, istri Boediardjo.

Suharsono, 50 tahun, Magelang, Panitia Wayangan Pondok Seni dan Budaya Boediardjo.

Teguh Biantoro, 53 tahun, Magelang, Panitia Wayangan Hotel Pondok Tingal dan anggota Presidium Yayasan Pondok Seni dan Budaya Boediardjo.

Udreko, 34 tahun, Yogyakarta, seniman dalang.



GLOSARIUM

Ada-ada : salah satu jenis sulukan yang menimbulkan suasana tegang dan rasa semangat, diiringi dengan instrumen gender *barung* dengan disertai *keprakan* atau *dhodhogan*.

Aji Candhabirawa: azimat milik Prabu Salya yang berupa raksasa, pemberian dari mertuanya Begawan Bagaspati..

Antawacana : ucapan tokoh wayang.

Baratayuda : perang besar antara Pandawa dengan Kurawa.

Begal : penyamun.

Budhalan : suatu adegan dalam pertunjukan wayang yang menggambarkan keberangkatan para prajurit ke medan laga atau pergi ke tempat lain.

Catur : semua ucapan dalang dalam bentuk narasi.

Cempala : alat pemukul kotak yang terbuat dari kayu.

Dhodhogan : suara yang ditimbulkan dari suara kotak yang dipukul dengan *cempala* untuk mengiringi dan membuat suasana di dalam *pakeliran*.

Ginem : narasi dalang dialog antar tokoh wayang.

Gendhing : lagu karawitan.

Golekan : adegan yang menampilkan tarian wanita muda (boneka wayang yang terbuat dari kayu).

Grimingan : permainan instrumen gender *barung* untuk mengisi suasana, ketika dalang menyajikan narasi.

Janturan : narasi dalang yang mendeskripsikan suatu keadaan dengan diiringi gending *sirep*.

Jejer : adegan permulaan pada pertunjukan wayang.

Kapalan : adegan prajurit yang sedang naik kuda.

Kedhatonan : nama salah satu adegan dalam pakeliran wayang kulit purwa yang tokoh utamanya permaisuri raja.

Keprakan : suara yang ditimbulkan oleh *keprak*, yang dimainkan dengan kaki dalang sebagai pemantab suasana.

Lagon : salah satu jenis sulukan yang dapat menimbulkan rasa tenang, agung dan longgar, diiringi dengan instrumen rebab, gender barung, gambang dan suling.

Lakon : judul cerita wayang.

Manyura : nama *pathet* bagian ketiga.

Nem : nama *pathet* pada bagian pertama.

Pakeliran : suatu bentuk seni pertunjukan yang menggarap cerita dengan boneka-boneka wayang sebagai pengganti tokoh-tokohnya, sedang gerak serta percakapannya dilakukan oleh dalang dengan dukungan karawitan sebagai iringan.

Pakem : pedoman dan petunjuk teknis pakeliran, antara lain dapat berupa garis besar lakon, naskah lakon lengkap, atau pengetahuan tentang pedalangan.

Pasanggrahan : tempat atau bangunan untuk peristirahatan.

Pathet : pembagian waktu berdasarkan garap iringan.

Pesindhen : penyanyi putri dalam pertunjukan wayang.

Pocapan : narasi dalang yang mendeskripsikan sesuatu yang telah terjadi dan yang akan terjadi, diiringi dengan *grimmingan* gender barung.

Prang ampyak : adegan yang menggambarkan perang bersama sama dengan boneka wayang *ampyak (rampogan)*.

Sabetan : semua aktifitas gerakan wayang.

Sanga : nama *pathet* bagian kedua.

Sanggit : kemampuan dalang dalam memecahkan persoalan dalam pakeliran.

Sampak : jenis lagu dalam karawitan yang mempunyai rasa tegang.

Seseg : *gendhing* berjalan dengan tempo cepat.

Sirep : *gendhing* berbunyi dalam suasana lirih.

Srepegan : jenis lagu dalam karawitan yang mempunyai rasa semangat.

Suwuk : gending berhenti.



LAMPIRAN

A. DESKRIPSI PAKELIRAN LAKON SALYA BEGAL DALANG DEWANTO SUKISTONO TANGGAL 10 NOVEMBER 2001 DI PONDOK SENI DAN BUDAYA BOEDIARDJO BOROBUDUR

Pathet Nem.

1. Adegan Tengah Perjalanan

Tokoh : Prabu Salya dan Prabu Kresna.

Diawali dengan tembang Asmarandana, untuk ilustrasi tokoh Salya dalam suasana gamang, bimbang. Dalam “bayangannya” tergambar percakapannya dengan Kresna (dalam peristiwa Kresna Duta). Tembang habis, masuk iringan yang diisi dengan dialog.

Salya : Anak Prabu Dwarawati, punapa yekti bilih Baratayuda punika kedah kelampahan, ngger?

Kresna : Dhuh kanjeng paman, sampun cetha bilih yayi Prabu Duryudana puguh mboten badhe maringaken bumi Ngastina dhateng Pandhawa, kados ingkang kawedharaken ing parepatan ageng kalawau, tegesipun sami kaliyan bilih yayi Prabu Duryudana sampun nglebetaken banderaning aprang, underaning perkawis kedah dipun pungkasi sarana pecahing jaja wutahing ludira, sayekti jangkaning dewa perang ageng Baratayuda kedah kalampahan. Kula minangka dhutaning Pandhawa ingkang pungkasan, sagedipun namung ngaturaken bab punika dhateng putra-putra paduka para Pandhawa.

Salya : Oh, gusti, ngapa kudu kaya ngene dadine.. ? Apa ya klakon aku nyawang anak-anakku padha pating balesah, paten-pinaten mung merga rebutan papan. Oooh, ngger, umpami anak Prabu Dwarawati ingkang dados Salya, ingkang paman kedah kados pundi?

Kresna : Dhuh paman aji, mbok manawi paduka mboten kekilapan malih, bilih perang ageng Baratayuda Jayabinangun punika mboten namung gebyaring kadonyan, nanging bilih punika satunggaling srana murih simaning durangkara budi candhala, kula pitados bilih kanthi kawicaksanan punika paman aji langkung pratitis mirsani dhateng underaning perkawis.

Salya : Nanging sadaya punika anak-anak kula. Anak Prabu Duryudana kagungan lekas ingkang kados makaten mbok manawi nembe lena, wong lali kuwi

- ora luput, sing kleru kuwi wong kang ngerti nanging ora ngelingake, tegesipun ingkang paman ugi kalepetan dosanipun ngger.
- Kresna : Kanjeng paman, sampun mawantu-wantu cara tinempuh, lelampahan ingkang kawuri sampun mracihnani bilih yayi Prabu Duryudana mboten kenging dipun emutaken.
- Salya : Lajeng sedaya punika lepatipun sinten ngger ? Oh.. gusti apuranen titahmu, ngapa kok ora dhisik-dhisik mbok jabut nyawane Salya.
- Kresna : Weeh, nuwun sewu, paduka menika kok kasesa, selak badhe menapa ta paman?.
- Salya : Haa .. haa .. anak Prabu Dwarawati sampun nyobi nglelipur ingkang paman lho. Ngger, saumpami ingkang paman gadhah pamundhut dhateng anak Prabu Dwarawati kinten-kinten angger kersa minangkani mboten ?
- Kresna : Sumangga lajeng paringa dhawuh dhateng ingkang putra, sayekti badhe kula estokaken.
- Salya : Iya janji lho ngger...
- Kresna : Inggih, inggih, thik samar lho.
- Salya : Manawi anak Prabu Dwarawati ngantos mblenjani, o.. titenana aku mati tak primpeni.
- Kresna : Alah ... kok meden-medeni.
- Salya : Mboten ngaten ngger. Anu, mbenjing manawi kalampahan perang, ingkang paman titip dhateng anak-anak kula kembar, borong anggen paduka momong, kawratan mboten ngger...?
- Kresna : O, kula wastani menapa, lha menawi namung menika tertamtu badhe kula estokaken, malah matur sembah nuwun dene kula sampun pinitados dening paman aji.
- Salya : Lha rak ngaten, ha.. ha.., rumaos lega raosing manah kula, ngger... matur nuwun sakderengipun. Ngger, kados sampun cekap, mangga sowang-sowangan ingkang paman nedya kondur Mandaraka, meminta pepadhanging gusti ingkang maha suci. Anu, lha mangga ta pinarak..?
- Kresna : Ngaturaken gunging panuwun paman, adrenging sedya daya-daya pinanggih kaliyan para Pandhawa ngaturaken bab punika, paman aji.
- Salya : Mangga ngger, mugi gusti tansah hangayomi.

Bayangan Salya dan Kresna hilang, Salya digambarkan sadar dari lamunan, bersamaan dengan Salya masuk ke gawang kanan, iringan berubah sebagai akhir dari

2. Adegan Tamansari Mandaraka

Tokoh : Prabu Salya dan Setyawati.
Salya tampil dari gawang kiri, disambut oleh Setyawati, beralih gawang, iringan rep untuk *janturan*.

Manrestu memanonging batos dhuhkita kawor lan rudat, sang sri nara dwipa ing Mandaraka Prabu Salya sarimbit lan ingkang garwa nenggih Dewi Setyawati ing tamansari praja Mandaraka. Sanadyan sampun kaladuking yuswa parandene maksih mencorong pamoring mudha sang Narasoma jajar lan Endhang Pujawati.

Nalika semana sang nata myang garwa lagya lelengahan wonten sangandhaping mandera gung kang idhum ngrembuyung sapinggiring talaga kang wening tirtane sinlam mekare kembang terate. Sang dewi rinangkal ingkang garwa, kala-kala den aras palarapanira sarta den elus kanthi asih tresna nganti dumugi pucuking weni, kinarya nglelipur onenging ndriya labet menggalih cengkahira para putra, parandene datan kawasa mberat ruwet rentenging ndriya. Emeng jro wardaya, panyawanging netra tebih, nglangut tanpa pagut, sakedhap-sakedhap hangunjal huswa ing driya saya karasa tinempuh mrih rahayuning sesama linambaran kawicaksanan.

Teka mangkana lamun kawiyos aruming pangandikan.

Sulukan Lagon Mangu laras slendro pathet nem.

Cakepan

Mangu-mangu mangonengin nala, kadya nanndhang rudhatin, Ong.

Ginem

Dewi Setyawati : Dhuh sinuwun, paduka kondur manjing tamansari namung kendel, lajeng menapa ingkang ndadosaken mboten reraning manah paduka, sinuwun.

- Prabu Salya* : *Dhuh garwaningsun wong manis setyawati, nyata sira wanita utama kang kaladuk limpat pasang ing gaita, nanging aja kleru panampa yayi. Prasajan wae kang tansah ndadekake kodhening penggalihku, ora liya bakal dumadine perang Baratayuda kang wus ora bisa diwurungake maneh. Mangka kang bakale mapaging palagan ora liya ya anak-anak pendhawa muingsuh Kurawa.*
- Dewi Setyawati* : *Dhuh sinuwun, menawi garwa paduka kepareng gadhah pemanggih.*
- Prabu Salya* : *Piye yayi ...?*
- Dewi Setyawati* : *Kados puniki sampun dados jangkaning dewa, pesthi ingkang mboten saged dipun luwari, menawi yekti sampun purna sedaya pambudi daya kados langkung prayogi menawi kapasrahan kewala dhateng gusti ingkang murbeng dumadi, sinuwun.*
- Prabu Salya* : *Pancen gampang pangucap nanging pun kakang kaya-kaya durung bisa nampa, apa maneh kudu weruh marang babaring lalakon. Em.. hemmm, apa kabeh iki minangka pacobaning gusti awit dosa-dosaning pun kakang wus kawuri.*
- Dewi Setyawati* : *Lajeng kersa paduka kados pundi sinuwun...?*
- Prabu Salya* : *Wis yayi, prayogane samengko perkara iki dilirwakake wae, wis mbuh ora weruh kepiye mengko dadine. Prayogane ayo pun kakang dherekna manjing tilamsari, kaya abot kang kudu ndak sandhang, pun kakang arsaendra sawatara ngiras pantes nyidhem perkara iki, supayane bisa nyawang kanthi wening yayi.*
- Dewi Setyawati* : *Ngestokaken dhawuh, sumangga kula dherekaken.*

Salya dan Setyawati masuk ke gawang kanan (iringan berkesan sebagai ilustrasi suasana tenang, cenderung prenesan) Salya dan Setyawati di gambarkan sedang bercengkerama, sampai salya tertidur pulas. Iringan sirep, janturan.

Wus manjing jroning tilamsari nenggih sang nata Mandaraka Prabu Salyapati, cinaketan marang kang garwa sakala lungkrahing sarira wus datan rinaos, lali marang

*panandhanging batin temah keli marang hardaning asmara.
Purnaning gati, sang narpa prapteng nendra.*

*Kocap, bawane manah suwung, osiking nala sang nata
tetela manjing jroning pasupenan.*

Iringan beralih tegang tetapi lirih, untuk ilustrasi Salya bermimpi. Dalam mimpinya digambarkan terjadinya perang *Baratayuda*, Karna melawan Arjuna, Burisrawa melawan Setyaki, dan suasana tegang memuncak setelah Nakula dan Sadewa dihajar habis-habisan oleh Duryudana, Salya menggapai-gapai seolah-olah ingin membantu tetapi tidak kuasa.

Iringan mendadak berhenti setelah Duryudana menancabkan keris ke tubuh Nakula, Salya terbangun sambil berteriak :

Prabu Salya : Oh ... kem bar kowe aja mati ngger ...!

Iringan seseg untuk menggambarkan Salya terbangun Salya dipeluk oleh istrinya, iringan berubah lirih, pelan-pelan *suwuk* disambung *grimmingan* suluk suasana susah. Masuk dialog.

*Prabu Salya : Oh .. kembar, kembar, kowe aja mati ya
ngger, aja.. oh.. aja ana kang pisan-pisan
wani gawe pitna marang anakku kembar ...
oh... madrim kekangapa kowe ndhisiki murud
ing kasedan jati yayi, kok ora aku dhisik ki
piye ...*

*Dewi Setyawati : Dhuh sinuwun, kula aturi emut, nyebat
dhateng asmaning gusti mugi-mui ical sedaya
ingkang nedya angreridhu. Sumangga kula
nderekaken sesuci amrih wening penggalih
paduka, sinuwun.*

*Prabu Salya : Oh... Setyawati garwaningsun, gegambaran
kang kaya-kaya ana ngarsaku mau kabeh
katon gamblang, perang kang durung kelakon
wae kaya-kaya wus katon wengise.*

*Dewi Setyawati : Sinuwun, nyuwun gunging pangaksama
dene ingkang garwa tanpa daya amrih luwar
panandhanging galih paduka..*

*Prabu Salya : Ora, aja kleru tanpa. Pun kakang ora bisa
nggambarake kepriye dadine kahananingsun
tanpa yayi Setyawati.*

Dewi Setyawati :Lajeng kersa paduka kados pundi sinuwun..?

*Prabu Salya : Yayi, prastawa kang ana jroning pasupenan
mau kya-kaya ngelingake prasetyaku maring
rayimu Madrim, mula manjing jroning sanggar
palanggatan meminta pituduhing gusti.*

Dewi Setyawati : Sumangga sinuwun.

Pathet Sanga

3. Adegan Panakawan

Tokoh : Gareng, Petruk dan Bagong.

Pada adegan ini tidak disajikan *antawacana*, sehingga hanya berupa sajian *sabetan geculan* tiga tokoh panakawan Gareng, Petruk dan Bagong, mengikuti perjalanan Raden Nakula dan Sadewa ke Mandaraka. Diiringi dengan *Srepegan Banyamanan laras slendro pathet sanga*.

Pathet Manyura

4. Adegan Negara Mandaraka

Dimulai dari *lagon Manyura Wetah Jugag laras slendro pathet manyura*, terus dilanjutkan *ginem*.

Raden Nakula : Dhuh kanjeng uwa kula ingkang sowan, ngaturaken sembah pangabekti mugè konjuka pepada paduka kanjeng uwa Mandaraka.

Raden Sadewa : Pangabekti kula konjuk wa.

Prabu Salya : E.. anak-anakku kembar, hem kepasang yogya kowe sakloron padha tilik wakmu. Yoh ngger, pangestuning pun uwa tumrapa sira sakloron ya.

Raden Nakula : Nuwun inggih wa dahat kapundhi mugè dadosa jimat paripih.

Raden Sadewa : Kula cadhong asta kekalih mugè ndadosna kayuwanan kula wa.

Prabu Salya : Ya, ha.. lega rasaning pun wa ngger, tansah gawang-gawang ana pengangen-angen anggoning pun uwa kepengin sapatemon kalawan sira sakloron. Hem ... piye kakang-kakangmu piye, rak ya padha becik ta..

Raden Nakula : Inggih, kaluhuran sabda paduka.

Petruk : Pangabekti kula katur, sinuwun.

Prabu Salya : E.. kowe Petruk iya, lha sedulur-sedulurmu ana ngendi.

Petruk : Anu, sami wonten njawi, kempal kaliyan para abdi, kangen sinuwun.

- Prabu Salya* : O, ngono, eh, kembar, piye iki ana apa, apa kowe dikongkon kakangmu, apa kowe ana rembug wigati kang kudu mbok aturake dhewe kalawan wakmu iki, hem.
- Raden Nakula* : Nuwun inggih wa, saderengipun lepat nyuwun gunging pangaksama. Waleh-waleh menapa sowan kula punika muhung nyuwun pangestunipun uwa, awit sampun cetha kados ingkang dipun ngendikakaken kaka Prabu Dwarawati, bilih Baratayuda yekti kedah kalampahan, tan wande ingkang putra kedah maguting palagan.
- Raden Sadewa* : Nuwun inggih wa, ingkang putra nyuwun pangestu netepi darmaning satriya mbengkas dur angkara wa.
- Prabu Salya* : He anakku kembar aja samar, sejatine pun uwa iki mau uga kepengin lumarap marang Gupalawiya, ketemu kalawan sedulur-sedulurmu, e mbok menawa isih ana cara supaya wurung prang Baratayuda.
- Raden Nakula* : Nanging wa..
- Prabu Salya* : Ngastina kuwi sing dijagakake ora liya kejaba wakmu Mandaraka, mula mbok manawa yen pun uwa ndombani Pandhawa, Ngastina bakal gigrig, ing pangajab anak Prabu Duryudana kersa maringake Ngastina marang Pandhawa.

*Ada-ada Manyura
Cakepan*

*Ong, Byar padhang raosing ndriya,
Nenggih raden Nakula Sadewa,
Hesmu mesem jroning wardaya, Ong, Ha...*

- Raden Nakula* : Makaten kersa paduka.
- Prabu Salya* : Iya, mula aja wedi kangelan, sira sakloron dhisikana laku, mengko ingkang uwa sumusul marga isih ana bab kang kudu dirampung.
- Raden Nakula* : Nuwun inggih wa.
- Raden Sadewa* : Nuwun inggih wa.
- Petruk* : Anu, nuwun sewu ndara, umpami ndara Nakula Sadewa konduripun kalih kang Gareng, mangke kula kaliyan Bagong sareng

- kaliyan sinuwun Mandaraka, kados pundi, lho...*
- Raden Nakula* : *Iya Petruk, ora dadi apa.*
Petruk : *Sinuwun Mandaraka kados pundi, kepareng ta...*
- Prabu Salya* : *Iya, malah kena kanggo glenikan.*
Petruk : *Nggih, manawi makaten pareng kula badhe sanjang kaliyan kang Gareng.*
- Prabu Salya* : *Iya, kana metua njaba.*
Raden Nakula : *Wa Prabu keparenga kula nyuwun pamit.*
Raden Sadewa : *Nyuwun pamit wa.*
Prabu Salya : *Iya, ngger, muga besuk tansah angnthi lakumu.*

Ada-ada manyura.

*Ong, Mangkana dyan Suryaputra,
 sigra marak mangarsanira,
 nata Mandaraka Prabu Salyapati,
 dadya kagyat tyasira sang Karna,
 mula lekasing narpati,
 mangu-mangu wang-wang hesmu nggarjita, Ong, ha...*

- Prabu Karna* : *Kula ingkang sowan, rama Prabu.*
Prabu Salya : *Sapa iki.*
Prabu Karna : *Kula, putra paduka ing Ngawangga.*
Prabu Salya : *Karna ...*
Prabu Karna : *Kaluhuran sabda paduka.*
Prabu Salya : *Hem ... sawuse marem olehmu mirang-mirangake wong tuwa, kowe isih wani ngambah Mandaraka.*
- Prabu Karna* : *Nyuwun gunging pangaksama, sagluguting kolang-kaling, sarikma pinara sasra, babar pisan mboten wonten sedyaning manah kula badhe damel kucem asma paduka, kanjeng rama aji.*
- Prabu Salya* : *We.. isih selak ya.. banjur rumangsamu kabeh lelakon kang wus kedaden kuwi mbok anggep apa hem... dolanan, guyon, hiya ... keparat.*
- Prabu Karna* : *Dhuh kanjeng rama, kados pundi anggen kula badhe matur, jer paduka sayekti mboten ngawuningani esthining manah kula.*
- Prabu Salya* : *Banjur apa perlumu kowe mrene, arep megatake bojomu ngono piye, kebenaran yen kaya mangkono, umpama ora mbok rewangi*

- maling, tangeh lamun Surtukanthi dadi bojomu.*
- Prabu Karna : Sumangga anggen paduka paring duka, namung mugi kawuningana, bilih sowan kula sayekti badhe nyuwun pangestu, prasetyaning manah kula mbenjang tempuking perang kula badhe sabiyantu dhateng yayi Prabu Duryudana.*
- Prabu Salya : Bagus, yen ngono mbesuk mungsuhmu ratu Mandaraka.*
- Prabu Karna : Dhuh kanjeng rama, umpami kedah makaten, kula malah rumaos lega lila pejah saking asta paduka. Namung kemawon, saderengipun kula pejah, lilanana kula matur, bilih mbenjang, manawi sampun kalampahan perang Baratayuda, mbok manawi paduka badhe ngawuningani kados pundi sejatinipun karna dhateng Pandhawa. Sampun rama, kula nyuwun pamit.*

Prabu Karna pergi meninggalkan Prabu Salya diiringi dengan *Srepegan laras slendro pathet manyura*. Raden Burisrawa datang dari kiri nyembah kepada Prabu Salya terus *tanceb*, iringan *suwuk* dilanjutkan *ginem*.

- Raden Burisrawa : Rama, menika kados pundi dene lelakon kok wus kuwolak-walik, bosah-baseh kawontenanipun.*
- Prabu Salya : Apa dhasarmu kowe duwe matu kang kaya ngono.*
- Raden Burisrawa : Rama, kula rumaos gela dene paduka mbancindhe mban siladan, kenging menapa dene semunipun paduka malah condhong dhateng Pandhawa.*
- Prabu Salya : Burisrawa kowe rasah melu-melu, wis gerang aja kaya bocah cilik, kudune kowe bisa milah-milahake endi kang bener lan endi kang luput.*
- Raden Burisrawa : Enggih, kula ngertos, nanging kula mboten lila manawi paduka tansah mbelani Pandhawa. Menawi makaten tegesipun paduka mboten tresna dhateng putra, lajeng kula kaliyan para kadang punika dipun anggep punapa, rama.*

Prabu Salya : Cukup, rasah nreweteh aturmu, malah menawa kowe isih kena ndak tuturi, becik kowe aja melu-melu. Mengko...

Raden Burisrawa : Mboten, wosipun kula kedah ndherek kaka *Prabu Duryudana*.

*Sulukan Ada-ada manyura
Cakepan*

*Ong, Kadya sinebiting karnanira,
tinotog madyaning jaja,
nenggih Prabu Salyapati,
ye kata risang Burisrawa,
tan wruh marganing rahayu,
netepi darmaning satriya tama, Ha...*

Prabu Salya : We lha dalah, dadi mung kaya ngene ta entuk-entukanmu anggonmu srawung kalawan wong-wong Ngastina.

Raden Burisrawa : Sampun manawi rama *Prabu* tetep puguh, kula nyuwun pamit, selak mboten betah kula wonten ngriki.

5. Adegan Perjalanan

Iringan *Srepeg laras pelog pathet barang*, *Raden Burisrawa* pergi meninggalkan *Prabu Salya*. *Prabu Salya* masuk ke kanan, terus kembali keluar dari kanan dengan naik kereta, berjalan ke kiri. Kereta berjalan ke kiri dihentikan oleh Emban, iringan berubah menjadi *Ladrang Sumyar laras pelog pathet barang*. Keluar wayang golek putren berjoget dengan wayang golek laki-laki (sebagai interpretasi pertunjukan *tayub*).

Prabu Duryudana : Kanjeng rama kyai, pupuna paduka rumaos kuciwa dhateng lelampahan punika.

Prabu Salya : Oh... mboten ngger, mboten, namung radi kagyat raosing manah, semanten agengipun sih tresnanipun anak *Prabu* dhateng ingkang bapa. Menapa ta daruanipun, dene anak *Prabu* kagungan lekas kados makaten.

Prabu Duryudana : Dhuh rama kyai, waleh-waleh menapa, sejatosipun namung paduka jimat pepundhen kula. Pramila, mugni ndadosna penggalih, mbenjang manawi sampun

kelampahan perang Baratayuda, para putra-putra pasrah dhateng paduka, kanjeng rama kyai kedah ngayomi dhateng Kurawa. Manawi kanjeng rama kyai mboten kersa, kula kaliyan yayi Banowati trimah pejah. Sampun pareng rama.

Pocapan.

Ngalumpruk pindha kapuk winusonan, nenggih nata Mandaraka Prabu Salya, dupi midanget aturira ingkang putra Prabu Duryudana. Kaya pepes bebayunira, kang riwe deres temah ambruk datanpa daya. Wauta, kaya ana kang ngelingake, sang nata gregah jumeneng katingal kereng.

Iringan Srepegan laras slendro pathet manyura, seseg Duryudana hilang ke gawang kiri, Salya digambarkan sangat terkejut, jatuh ke gawang kanan menghadap ke kanan.

Iringan udhar, Salya membuang seluruh pusaknya, iringan Galong laras slendro pathet manyura, seseg ketika ia berkata.

Prabu Salya : Heh, Candrabirawa, metua kine le...!

Iringan suwuk tanpa ada-ada Manyura.

Candhabirawa : Ana apa ta mbah, kok sajak senggol ngendikamu.

Prabu Salya : Wektu iki uga kowe oncata saka ragane Salya, aku wis emoh kanggonan kowe.

Candhabirawa : Lho, lha luputku apa thik, kaya aku ...

Prabu Salya : Wis rasah kakehan wuwus, minggata kana.

